

Preparasyon pou Sante Piblik

Bilten Enfòmasyon | Ivè 2026



Konsènan Bilten Enfòmasyon sa a

Pwogram Preparasyon Depatman Sante Piblik Philadelphia la te kreye bilten enfòmasyon sa a pou pi byen prepare rezidan yo pou ijans sante piblik yo, tankou gwo tanpèt, maladi kontajye, ak plis toujou.

Bilten enfòmasyon sa a disponib nan lang Amarik, Arab, Dari, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Endonezyen, Khmer, Pòtigè, Ris, Chinwa Senplifye, Espanyòl, Swahili, Vyetnamyen, ak Anglè nan bit.ly/CRPNnewsletter.

Pou mande kopi gratis sou fòm papyè.

 bit.ly/PHPMaterials

 Kite yon mesaj nan 215-683-0806.

Nan bilten enfòmasyon sa a ou ka espere jwenn:

Konsèy pou prepare yon twous ijans.

Enfòmasyon sou asistans sèvis piblik yo.

Resous sou Sante Mantal.


Enfòmasyon sou fason pou rete an sekirite kont maladi respiratwa.

Pa Bliye Enskri pou ReadyPhiladelphia!

Biwo Jesyon Ijans lan pataje enfòmasyon sou move tan atravè imèl gratis ak tèks alèt grasa itilizasyon sistèm notifikasyon an mas Vil la, ReadyPhiladelphia.

Alèt yo disponib kounye a nan **onz lang**: Anglè, Fransè, Arab, Ris, Espanyòl, Vyetnamyen, Chinwa Senplifye, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Swahili, ak Lang Siy Ameriken.

Pou alèt tèks gratis, tanpri voye **READYPHILA** pa mesaj tèks nan **888-777** oswa enskri nan bit.ly/ReadyPhila.



Prepare Tèt ou ak Moun Pwòch ou Yo

Kit Pwovizyon pou Ijans

Gwo tanpèt, pàn kouran oswa lòt ijans ka rive nan sezon sa a. Rasanble ase pwovizyon ki dire omwen **twà** jou pou ou menm ak moun k ap viv ak ou yo.

Vizite bit.ly/PHLEmergencyPlanning pou jwenn yon lis konplè sou sa ou dwe mete nan twous ou a.

Itilize yon Kat Enfòmasyon Sante pou swiv medikaman, ekipman medikal, ak kontak enpòtan yo. Enprime youn nan bit.ly/HealthInfoCard24 oswa kòmande youn pa lapòs nan bit.ly/PHPGidance.

Voye zye sou Lòt yo

Biwo Sèvis pou Sanzabri a ap voye yon ekip sansibilizasyon pou sanzabri a nenpòt moun nan lari ki bezwen transpò pou yon abri lokal oswa lòt sèvis pou sanzabri.

215-232-1984 (disponib 24/7)

Kenbe Bèt Domestik ak Bèt Sèvis yo An Sekirite

Li pa an sekirite pou kite bèt yo pou kont yo pandan lontan. Si ou bezwen kite kay ou pandan yon ijans, chache yon kote ki gen sekirite pou mete yo.

Ou wè bèt ki rete deyò nan move tan? Rele Ekip Swen ak Kontwòl Animal la.

267-385-3800 (disponib 24/7)

Jwenn Manje Gratis Tou Pre W

Vizite phila.gov/manje.

Chèche pa adrès pou jwenn:

- Manje pou fwaye ou
- Sit repa pou granmoun ki pi aje yo
- Sit manje elèv yo
- Okenn ID oswa prèv revni pa nesesè



Preparasyon Ki Pa Koute Chè

- **Kòmanse tou piti.** Ajoute youn oswa de bagay, tankou manje nan bwat oswa batri chak fwa ou fè acha. Li ajoute san li pa koute w anpil lajan!
- **Itilize sa ou genyen.** Tcheke lakay ou pou wè si gen bagay ou deja genyen, tankou flach ak dra. Lè w tounen itilize bagay ou itilize chak jou yo sa ka fè w ekonomize lajan.
- **Fè acha ak entelijans.** Chèche lavant, rabè, ak nan magazen ki vann yon dola pou jwenn bagay esansyèl nan ijans. Ou ka jwenn pwodui debaz tankou atik premye swen ak manje ki pa ka gate fasil nan pri abòdab.

Prepare Kay Ou

Èd Sèvis Piblik

Pwogram asistans pou sèvis piblik ak lòt pwogram ede w jere fakti yo, peye bagay nesosite yo, epi yo ka ede w rete an sekirite lakay ou pandan evènman move tan ekstrèm oswa lòt ijans.

Sosyete Filadèlfi pou Vyeyisman (Philadelphia Corporation for Aging (PCA)

PCA bay sèvis pou granmoun aje ki gen ti mwayen ak swanyan yo, tankou enfòmasyon sou resous pou rete an sekirite pandan tan frèt.

215-765-9040 — bit.ly/pca-accessing-services.

Fon Sèvis Dijans Sèvis Piblik yo (UESF)

Bay enfòmasyon sou pwogram asistans ki baze sou revni estabilize kay pou fanmi ki fè fas a kriz lojman.

215-814-6845 — BAC@uesfacts.org — uesfacts.org.

BenePhilly

Konekte moun yo ak sipò ki pa baze sou revni, sipò endividyèl to ede aplike pou avantaj piblik.

1-844-848-4376 — phila.gov/programs/benephilly/.

Sant Enèji Katye yo

Aprann sou konsève enèji epi aplike pou èd pèman fakti. Jwenn yon sant pou enèji nan bit.ly/NeighborhoodEnergyCenters.

Kontakte **311** pou jwenn asistans ak resous pou kenbe kay ou konfòtab pandan sezon ivè a.

Sekirite Kont Dife ak Monoksid Kabòn (CO)

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz envizib, san odè ki ka fè moun malad anpil oswa menm lakoz lanmò, sitou si li akimile anndan kay la.

Pou anpeche anpwazònman ak CO:

- Enstale Detektè Lafimen ak CO.
- Pa itilize fou gaz pou chofo kay ou.
- Pa janm bloke detektè CO yo oswa alam lafimen yo epi pa janm dezaktive yo.

Siy anpwazònman CO yo ka gen ladan yo tèt fè mal, vètij, doulè nan pwatrin, kè plen, oswa vomisman.

Si ou sispèk anpwazònman ak CO, soti deyò touswit epi rele **911** oswa Sant Kontwòl Pwazon an nan **1-800-222-1222**.

Ki kote pou jwenn detektè?

- Detektè Lafimen Gratis: Vizite bit.ly/RedCrossSmokeAlarm, rele **311**, oswa vizite bit.ly/PHL311.
- Detektè CO Gratis: Rele **311** pou verifye disponiblite yo.

Pwopriyetè yo oblije bay epi mentni alam lafimen yo nan bon eta epi dwe bay oswa repara detektè CO pou nouvo lokatè yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite bit.ly/COPHL oswa bit.ly/PHLFire.



Tcheke batri ki nan detektè lafimen ak CO
ou yo chak sis mwa!

Pwoteje Sante W

Viris Respiratwa yo

Pifò moun gen lafyèv, frison, tous, nen k ap koule, oswa tèt fè mal si yo trape yon viris respiratwa, men gen kèk ki ka vin malad grav oswa menm mouri. Pwoteje tèt ou lè w pran vaksen an sezon sa a.

- Yo mete vaksen grip la ajou chak ane pou pwoteje kont souch yo predi ki pi kouran yo.
- Yo aktyalize vaksen COVID-19 la pou pwoteje kont varyant oswa tip viris ki egziste kounye a.
- Vaksinasyon kont RSV ede anpeche viris respiratwa grav lakay tibebe ak adilt ki gen 60 lane oswa plis yo.

Li san danje pou tout twa vaksen yo nan menm moman an.

Anpeche pwopagasyon viris respiratwa yo.

- Si ou gen sentòm yo, fè tès pou COVID-19 ak pou grip, si sa posib.
- Mete yon mask lè ou nan espas ki gen anpil moun.
- Rete lakay ou si ou malad.

Jwenn swen medikal gratis oswa ki pa chè, menm si w pa gen asirans.

- phila.gov/primary-care

Jwenn plis enfòmasyon sou viris respiratwa yo.

- bit.ly/Covid19_test
- bit.ly/FluPHL
- bit.ly/COVIDvaxPHL
- bit.ly/RSV_PHL

Kesyon? Rele Depatman Sante Piblik Philadelphia nan **215-685-5488**. Peze **2** pou Espanyòl; peze **3** pou jwenn entèpretasyon nan lang ou. Rele 711 pou jwenn asistans TRS/TTY.

Resous Sante Mantal

Kontakte nou 24/7 (gen entèpretasyon ki disponib).

Liy Asistans pou Kriz Sante Mantal

- 215-685-6440

Sèvis Sante Mantal ak Adiksyon

- Rele oswa voye yon mesaj tèks nan 988

Depistaj ak resous gratis sou entènèt

- HealthyMindsPhilly.org



Ou pa poukont ou.

LI NÒMAL POU MANDE ÈD.

Rete Konekte

Vizite sitwèb nou an.



bit.ly/PDPHPreparednessOutreach



- Mande yon tab resous oswa yon fòmasyon.
- Kòmande materyèl edikasyon gratis nan plizyè lang.

Kontakte nou pou jwenn kopi bilten enfòmasyon sa a, kesyon oswa pwoblèm nan tradiksyon an.



PublicHealthPreparedness@phila.gov



Kite yon mesaj nan 215-683-0806.

Enskri pou Rezo Patnè pou Entèvasyon Kominotè nan (CRPN).



bit.ly/phlcommunityresponse

Pou jwenn enfòmasyon esansyèl sou sante piblik pou pase bay fanmi, zanmi, ak vwazen.